

POU: Prezidant ak Manm, Komite Lekòl Boston

SÒTI: Dr. Brenda Cassellius, Sipèentandant

DAT: 6 Oktòb 2021

RE: Fleksibilite pou Politik AWC a pou Ane Skolè 2021-2022

Pandan tout Ane Skolè 2021-2022, distri a konsantre sou aplike yon plan pou rekiperyasyon ekitab nan entèripsyon aprantisaj an konsekans fèmeti lekòl yo pandan Ane Skolè 2019-2020 ak AS2020-2021. Strateji nou te konsantre sou yon plan ansèyman djanm ki aliye ak estanda ki adrese aprantisaj elèv yo potko fini ak antoure sans apatenans elèv yo atravè pratik sosyo-emosyonèl ki adapte a kilti. Nan menm tan an, nou t ap evalye enpak kontinye pandemi COVID-19 la sou elèv nou yo, epi nou rekonèt bezwen pou nou tanporèman modifiye kèk nan politik nou yo pou nou bay elèv nou yo pi bon chans posib pou siksè akademik pandan moman difisil san presedan sa a. Nan menm tan an, distri a te konvoke Gwoup Travay Advanced Work Class (AWC) la pou devlope yon politik pi long tèm pou asire tout elèv yo genyen aksè ekitab nan opòtinite pou aprantisaj ki rijid ak avanse. Gwoup Travay la te pataje rekòmandasyon nan wo nivo, ke distri a pral itilize pou fòmile yon politik ki mizajou ak modèl pwogramasyon nou pral prezante pita nan ane skolè sa a an kolaborasyon avèk Ekip Akademik la pandan yo aliye apwòch global la nan ansèyman pou ane 4 - 6, strateji AWC, EFA ak ESI yo.

Se poutèt sa a, pandan travay sa a gentan kòmanse, m ap rekòmande nou pwolonje fleksibilite tanporè politik la ki gouvène Advanced Work Class (AWC) pou Ane Skolè 2021-2022, epi m ap rekòmande Komite Lekòl la akòde mwen otorite tanporè pou mwen detèmine estanda apwopriye yo pou politik sa yo pandan rès ane skolè a.

### **Politik AWC**

Elijibilite ak Pwogramasyon AWC	<b><u>Politik</u></b> <ul style="list-style-type: none"><li>Elijibilite pou AWC detèmine pa mak elèv la sou tèk TerraNova (3yèm edisyon) a, ke nou ofri pou tout elèv 3yèm ane yo. Epi tou nou ofri li nan sèten dat nan wikenn pandan otòn nan pou elèv nan ane 4 ak 5 ki pa gen mak TerraNova pou avan.</li></ul>
Chanjman pou AS 2020-2021 (pou admisyon nan	<ul style="list-style-type: none"><li>Pa te administre evalyasyon TerraNova a.</li><li>Ranpli syèj AWC 4yèm ane yo ak elèv nan 5 lekòl yo (sètadi, Condon, Jackson-Mann, Murphy, Ohrenberger, ak Quincy).</li></ul>

AS21-22)	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Nou pa te admèt okèn nouvo elèv nan klas AWC ane 5 ak 6 kòm pa genyen anpil syèj ki ouvri nan ane lekòl sa yo.</li> <li>● Nou te lanse yon gwoup travay pou gade rekòmandasyon long tèm an konsiderasyon demann ak anwòlman k ap bese, ak detèminasyon distri a avan ke AWC se yon modèl pwogram inekitab.</li> </ul>
Pwopozisyon pou AS 2021-2022 (pou admisyon nan AS22-23)	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Pa administre evalyasyon TerraNova a.</li> <li>● Pèmèt lekòl ki genyen pwogram AWC ki te fè modifikasyon nan AS20-21 pou yo kontinye modifikasyon sa yo pou AS 21-22</li> <li>● Vanse yon politik AWC ajou pou Komite Lekòl la vote sou li, sèvi ak rekòmandasyon Gwoup Travay AWC la pou fòme politik la.</li> </ul>

### **Rekòmandasyon yo:**

Baze sou enfòmasyon ki te prezante nan rezime sa a, m ap rekòmande yo akòde yon kontinyasyon fleksibilite tanporè pou politik sa a pou ane skolè 2021-2022 an. Fleksibilite sa a pral pèmèt distri a konsantre sou rekiperasyon nan pandemi COVID-19 la epi li pral pèmèt nou tan pou nou konsidere rekòmandasyon sòti nan Gwoup Travay AWC la pou nou devlope yon politik pi long tèm pou asire tout elèv yo genyen aksè ekitab nan opòtinite pou aprantisaj ki rijid ak avanse.